**दिन—शनिवार** **दिनांक—13.04.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधि— 05 मिनट

---

राष्ट्रीय जनता दल आइ अपन घोषणा पत्र जारी कऽ देलक अछि। पार्टीक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव प्रदेश अध्यक्ष जगदानन्द सिंह सहित कतेको नेता संयुक्त रूप सँ घोषणा पत्र जारी कयलनि। राजद एहि घोषणा पत्र के परिवर्तन पत्रक नाम देलक अछि। घोषणा पत्र जारी करैत श्री यादव कहलनि जे दू हजार चौबीस मे जनता सँ चौबीस वादा कयल गेल अछि। घोषणा पत्र मे पूरा देश मे एक करोड़ नौकरी देबाक वादा कयल गेल अछि। तेजस्वी यादव कहलनि जे जँऽ हुनक सरकार बनत तऽ पन्द्रह अगस्त सँ पूरा देश मे नोकरी देब शुरू कऽ देल जायत। बिहार के विशेष राज्यक दर्जा देल जयबाक सेहो बात कहलनि। एहि घोषणा पत्र मे दू सय यूनिट निःशुल्क बिजली देबाक सेहो चर्चा कयल गेल अछि। पार्टी घोषणा पत्र मे पाँच सय टाका मे गैस सिलेंडर देबाक वादा कयलक अछि। एकर अलावे गरीब सभ के एक लाख टाका के मददि सेहो देल जायत।

---

भारतीय जनता पार्टी राजद के घोषणा पत्र के झूठक मोटरी जनौलक अछि। पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष सम्राट चौधरी एकरा भ्रष्टाचार के रोड मैप जनौलनि अछि। ओ कहलनि जे लालू राबड़ी के पन्द्रह वर्षक कार्यकाल सँ लोकसभ भलिभांति अवगत छथि। ओ कहलनि जे शिक्षा विभाग मे जे नौकरी देल गेल ओ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के देन अछि। दोसर दिस जदयूक प्रवक्ता नीरज कुमार कहलनि जे राजद मात्र तेईस सीट सभ पर चुनाव लड़ि रहल अछि मुदा ओ पूरा देशक एजेंडा सेट कऽ रहल अछि। एहि सँ ई स्पष्ट होयत अछि जे राष्ट्रीय जनता दलक नेतृत्व राजनीतिक रूप सँ नाबालिग अछि। राजदक घोषणा पत्र पर प्रतिक्रिया व्यक्त करैत लोजपा रामविलास के प्रमुख चिराग पासवान कहलनि जे लालू परिवारक लोक दीर्घकाल धरि बिहारक सत्ता मे बनल रहलाह। ओहि समय मे कोना नौकरी देल गेल ई सर्व विदित अछि। हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चाक संरक्षक आ पूर्व मुख्यमंत्री जीतनराम मांझी राजदक घोषणा पत्र के भ्रमित करऽबला जनौलनि।

---

लोकसभा चुनावक पहिल चरणक मतदान के लऽकऽ अंतर्राष्ट्रीय सीमा सभ पर चौकसी बढ़ा देल गेल अछि। मतदान सँ बहत्तरि घंटा पहिने दुनू देशक सीमा के सील कऽ देल जायत। मात्र आपात स्थिति मे वाहन सभक आवागमन के अनुमति देल जायत। पूर्वी चंपारण जिलाक रक्सौल मे भारत आ नेपालक उच्च अधिकारी लोकनिक बैसक मे एहि सम्बन्ध मे निर्णय लेल गेल। एकर संगहि नेपाल सँ भारतीय सीमा मे आबऽबला नागरिक लोकनि के आधार कार्ड देखाबऽ अनिवार्य होयत।

---

राजदक वरिष्ठ नेता आ पूर्व राज्यसभा सदस्य अहमद अशफाक करीम पार्टीक सभ पद आ प्राथमिक सदस्यता सँ त्यागपत्र दऽ देलनि अछि। ओ जनौलनि जे पार्टी हुनका कटिहार लोकसभा क्षेत्र सँ प्रत्याशी बनेबाक वादा कयने छल मुदा ई सीट कांग्रेस के दऽ देल गेल अछि। विदित अछि जे कांग्रेस एतऽ सँ तारीक अनवर के अपन उम्मीदवार बनौलक अछि।

---

लोकसभा चुनाव मे स्वीच कार्यक्रम के अंतर्गत बांका जिलाक सभ प्रखंड मे जिला निर्वाचन पदाधिकारी सह जिलाधिकारी के निर्देश पर  मतदाता जागरूकता अभियान चलाओल जा रहल अछि। एहि क्रम मे आई अमरपुर प्रखंडक कतेको गाम मे आंगनबाड़ी सेविका, सहायिका आ महिला पर्यवेक्षिका द्वारा मतदाता लोकनि के मतदानक महत्वक विषय मे जनतब देल गेल।

समस्तीपुर नगर निगम क्षेत्रक लगुनियां रधुकंठ मे मत प्रतिशत बढ़ेबाक लेल रंगोलीक माध्यम सँ मतदाता जागरूकता अभियान चलाओल गेल।

---

राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी–एनटीए केन्द्रीय विश्वविद्यालय सभक लेल स्नातकोत्तर पाठ्यक्रम प्रवेश परीक्षाक परिणाम घोषित कऽ देलक अछि। विश्वविद्यालय अनुदान आयोग सोशल मीडिया पर एक पोस्ट मे कहलक जे ई परिणाम एनटीए के वेबसाइट पीजीसी यूईटी डॉट समर्थ डॉट एसी डॉट इन पर उपलब्ध अछि।

---

लोक आस्थाक चारि दिवसीय महापर्व चैती छठि के दोसर दिन आइ व्रती लोकनि खरना के अनुष्ठान करतीह। आइ सांझ व्रती भगवान भास्कर के खीरक भोग लगाकऽ प्रसाद ग्रहण करतीह। एकर बाद छठि व्रती लोकनिक छत्तीस घंटाक निर्जला व्रत शुरू भऽ जायत।

काल्हि डूबैत सूर्य के अर्घ्य अर्पित कयल जायत। पन्द्रह अप्रील के उदीयमान सूर्य के अर्घ्य अर्पीत करबाक संगहि चारि दिवसीय एहि महापर्व के समापन भऽ जायत।

———————————————————

राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर आ मुख्यमंत्री नीतीशक कुमार प्रदेशवासी लोकनि के चैती छठि के बधाई आ शुभकामना देलनि अछि। राज्यपाल श्री आर्लेकर अपन संदेश मे कहलनि अछि जे ई पावनि हमरा लोकनिक जीवन मे आत्मसंयम आ अनुशासन बनौने राखबाक प्रेरणा दैत अछि। मुख्यमंत्री अपन संदेश मे राज्य मे सुख, शांति आ समृद्धि के कामना कयलनि अछि।

———————————————————

चैती नवरत्रिक पाँचम दिन आइ देवी दुर्गाक स्कंदमाता स्वरूपक पूजा–अर्चना कयल जा रहल अछि। एहि अवसर पर मिथिलांचल सहित प्रदेशभरि के कतेको मंदिर आ शक्तिपीठ मे पूजा–अर्चनाक लेल श्रद्धालू लोकनिक भारी भीड़ लागल अछि।

———————————————————

मिथिलांचलक प्रसिद्ध पावनि सतुआइन आई श्रद्धापूर्वक मनाओल जा रहल अछि। आजुक दिन घैल सत्तू आ आमक टिकोला सहित आनो–आन वस्तु दान करबाक परम्परा अछि। ओतहि काल्हि जुड़ि शीतल के पावनि मनाओल जायत।

———————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।